

ABSTRAK

Lili Yuliyati. 2019. *Impléméntasi Mobile Learning Berbasis Android Maké Multimédia Intéraktif pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Ngawasa Konsep Sel.* Pangaping I. Dr. H. Riandi, M.Si. Pangaping II. Fitri Aryanti, S.T., M.Pd.

Kasang tukang ieu panalungtikan dumasar kana majuna téhnologi nu luhur tapi guru sarta siswa masih can mampuh ngamangpaatkeun majuna téhnologi dina prosés diajar sacara maksimal. Dumasar kana hasil obsérvasi, kamampuh ngawasa konsep matéri sel siswa SMAN 16 Bandung di taun ajar saméméhna kawilang masih kurang. Ieu hal dibalukarkeun matéri sel sipatna abstrak, kurangna jam diajar di kelas, sarta kurangna kamampuh guru dina ngamangpaatkeun majuna téhnologi, hususna dina maké smartphone minangka média pangajaran pikeun siswa. Tujuan ieu panalungtikan pikeun analisis parobahan dina ngawasa konsep matéri sel siswa di kelas ékspérimén ku cara ngaimpléméntasikeun Mobile Learning Berbasis Android, ari di kelas kontrol maké métode pangajaran konvénsional. Métode anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta métode Quasi Experiment kalawan désain panalungtikan Nonequivalent Control Group Design. Instrumén anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta tés objéktif (pilihan ganda) anu jumlahna 20 soal minangka data utama. Data dina hasil ieu panalungtikan dimeunangkeun ku cara pretest jeung posttest. Dumasar hasil analisis data, hipotésis dina posttest maké Independent Sample T-Test nilai signifikansi dina Sig. (2-tailed) nyaéta 0,006 ku kituna nilai $\frac{1}{2}$ signifikansi $< 0,05$ maka hipotésis nol (H_0) ditolak sarta hipotésis (H_a) ditarima. Ieu hal ngabuktikeun yén aya bedana dina kamampuh ahir siswa anu signifikan antara pangajaran ku cara impléméntasi Mobile Learning Berbasis Android jeung pangajaran maké métode konvénsional. Ku kituna, bisa dicindekkeun yén pangajaran ku cara impléméntasi Mobile Learning Berbasis Android bisa ngaronjatkeun kamampuh ngawasa konsep matéri sel siswa.

Kecap Galeuh: *Téhnologi, Matéri Sel, Mobile Learning Berbasis Android, Kamampuh Ngawasa Konsep*